

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta omongan jeung gerak tubuh (kinesik) nu aya dina drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing. Sedengkeun sumber data ieu panalungtikan nyaéta video drama jeung naskah transkripsi drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan bisa ngaguluyur kalayan lancar nepi ka ahir, tangtu waé panulis nyieun hiji desain panalungtikan, di handap diébréhkeun desain panalungtikan ti mimiti masalah nu diangkat dina ieu panalungtikan nepi ka kacindekan.

**Bagan 3.1: Galur Panalungtikan**



### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode asalna tina basa Latin *Methodos*, sedengkeun asal kata *methodos* téh mangrupa gabungan tina kecap *meta* jeung *hodos*. *Meta* bisa dihartikeun *melalui, menuju, mengikuti, sesudah*, sedengkeun *hodos* mah bisa dihartikeun jalan, cara, arah. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén méthode téh nyaéta dianggap minangka cara-cara, strategi pikeun maham hiji réalitas, léngkah-léngkah pikeun ngaréngsékeun rangkayan pasualan (Ratna, 2013:34).

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan miboga rangkayan pasualan, ku kituna ieu panalungtikan téh ngagunakeun hiji méthode anu luyu jeung pasualanana. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif, méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual kalawan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 1998:225).

Unsur-unsur anu didéskripsikeun nyaéta:

- a. Tindak komunikasi verbal dina drama Sunda *Juragan Hajat*.
- b. Tindak komunikasi nonverbal dina drama Sunda *juragan Hajat*.
- c. Saluyu henteuna antara komunikasi verbal jeung komunikasi nonverbal nu aya dina drama Sunda *Juragan Hajat*.

### 3.4 Wangeana Operasional

- a. Tindak komunikasi téh mangrupa polah basa manusa dina prosés silih tuker infomasi ngaliwatan simbol verbal jeung nonverbal.
- b. Komunikasi verbal atawa komunikasi basa mangrupa komunikasi anu ngagunakeun basa minangka médiana, boh basa lisan boh basa tulisan. Komunikasi verbal dicirian ku kecap pagawéan saperti asértif, diréktif, éksprésif, komisif jeung déklaratif.
- c. Komunikasi nonverbal nyaéta komunikasi anu maké gerakan awak. Dina ieu panalungtikan, komunikasi nonverbal nyoko kana opat polah (tindak), nyaéta (1) polah awak (tindak gestur) saperti nunjuk, ungeuk; (2) polah paroman (tindak fasial) saperti paroman sedih, bungah, reuwas, ambek, sieun jeung keuheul; (3) polah dedegan (tindak postural) saperti diuk, nangtung, rengkuh,

- leumpang; jeung (4) polah gabungan (tindak kombinasi), diklasifikasikeun kana fasial jeung gesture, fasial jeung postural, sarta gestur jeung postural.
- d. Kinesik nyaéta widang anu maluruh basa awak anu patali jeung komunikasi nonverbal.
  - e. Drama nyaéta minangka karya sastra boh prosa boh puisi anu diréka dina wangun paguneman (dialog), anu ngandung téma atawa jejer, réngkak jeung paripolah para palaku, latar/setting pikeun dipagelarkeun.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Pikeun ngagampangkeun hiji panalungtikan, tangtu waé mikabutuh instrumen minangka panglengkep atawa pangrojong dina prosés panalungtikan. Instrumen anu digunakeun nyaéta mangrupa kartu data jeung pakakas elektronik.

Dina kartu data dicatet omongan atawa paripolah tina drama. Tukangeunana dibéré katerangan nu mangrupa babak (Ba) jeung Adegan (Ad)

**Tabel 3.1 : Kartu Data**

| KARTU DATA  |                             |
|---|-----------------------------|
| Kalimah Perlokusi: “Ngahina siah ka abah, ngahina? Ati-ati siah, Uje. Abah mah loba baladna tukang gula wungkul. Sia téh teu sieun dikoroyok ku tukang gula?” (Unh/2/2) |                             |
| a.  | Tindak Komunikasi Verbal    |
| b.  | Tindak Komunikasi Nonverbal |

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik dokuméntasi (studi bibliografi). Dokuméntasi dina ieu panalungtikan pikeun nyirian tindak komunikasi verbal jeung nonverbal sarta ngartukeun data tindak komunikasi dina drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing. Ieu data dina drama *Juragan Hajat* téh mangrupa data primer atawa data anu paling utama.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta:

- a. muterkeun kasét drama Sunda *Juragan Hajat*;
- b. nongton drama Sunda *Juragan Hajat*;
- c. transkripsi dina CD kana wangun tinulis;
- d. nyirian tindak komunikasi verbal jeung nonverbal; jeung
- e. ngartukeun data tindak komunikasi.

### **3.7 Téhnik Nganalisis Data**

Téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkahna nyaéta:

- a. macaan deui naskah transkripsi drama *Juragan Hajat* karya Kang Ibing;
- b. nyieun papasingan data tindak komunikasi;
- c. analisis data anu geus dipasing-pasing;
- d. ngadéskripsikeun data anu meunang nganalisis; jeung
- e. nafsirkeun data hasil analisis.